



Pou Piblikasyon Imedya: 23/06/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE MTA AP ACHE PLIS PASE 300 MACHIN FEWOVYÈ MODÈN POU TRANSPÒTE PASAJE

Yo pral konstwi machin fewovye yo nan Eta Nouyòk epi y ap kreye plizyè santèn nouvo djòb

Machin M-9A yo amelyore fyabilite sèvis la epi gen ladan amelyorasyon nan aksè

Gade foto nouvo machin fewovye M-9A yo [isit la](#)

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul anonse ke Komite Finans Otorite Transpò Metwopoliten (Metropolitan Transportation Authority, MTA) an apwouve acha machin fewovye pou transpòte pasaje M-9A yo nan dat 23 jen. Kòmann sa a gen ladan 316 machin M-9A — 160 machin ap ale nan flòt Long Island Rail Road (LIRR) pandan 156 ap ale nan Metro-North Railroad.

"Nouyòkè yo merite yon sistèm transpò ki rapid, fyab ak konfòtab. Nou ap founi sa jodi a atravè acha machin fewovye modèn pou flòt LIRR ak Metro-North yo," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Machin fewovye yo se yon mwayen sekou pou pasaje yo nan youn nan sistèm transpò ki pi gwo ak pi mouvman nan mond lan — se konsa nou kontinye rive bat rekò nan ponktyalite"

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral MTA, Janno Lieber, te deklare, "N ap chèche achte prèske 2,000 machin fewovye kòm pati nan nouvo Plan Kapital la — ki gen yon valè 10.9 milya dola — e kòmann plis pase 300 sa a se yon bon kòmansman. Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul pou travay li fè pou jwenn finansman ki fè sa posib."

Chèf Pwogram Materyèl Woulan (Rolling Stock Program) MTA a, Tim Mulligan, te deklare, "MTA se pi gwo achtè machin fewovye nan Amerik di Nò, e nou ap itilize metòd inovatè pou diminye depans ak tan livrezon. Lè nou bati sou konsepsyon fyab machin anvan yo, nou te kapab travay avèk kontraktè a pou fè bagay yo pi byen, pi rapid ak pi ekonomik."

Prezidan Long Island Rail Road, Rob Free, te deklare, "Gras a pèfòmans alè rekò ak sèvis ki ogmante avèk ouvèti Grand Central Madison, kantite pasaje LIRR yo kontinye

ap monte an flèch. Kliyan nou yo merite machin fewovye modèn ki pral mennen nan yon sèvis ki pi fyab toujou epi k ap amelyore eksperyans kliyan an pou ane k ap vini yo."

Prezidan Metro-North Railroad, Justin Vonashek, te deklare, Mwen kontan anpil pou kliyan nou yo ki pral fè eksperyans yon sèvis ki pi fyab toujou lè machin fewovye M-9A yo rantrè nan flòt machin nou. Nou pran angajman pou nou bay pi bon eksperyans kliyan chak jou nan chak vwayaj nan Metro-North."

Se Alstom Transportation ki pral livre machin pilòt yo an 2029 epi yo pral antre an sèvis pou pasaje LIRR an 2030. Tout machin yo ap livre rive 2032. Machin M-9A yo nesèsè pou ranplase machin M-3 Metro-North yo ki depase dire sèvis yo, epi ki pèmèt LIRR pran retrèt machin M-3 li yo kote yo te pwolonje dire sèvis yo pou sipòte sèvis avèk ouvèti Grand Central Madison. Machin tren sa yo pral opere nan teritwa elektrik LIRR ak sou liy Hudson ak Harlem nan Metro-North.

Apwobasyon sa a baze sou efò kontinyèl MTA ap fè pou modènize tout flòt materyèl woulant li a. Machin M-9A yo gen fenèt an vè, pò pou chaje USB ak amelyorasyon nan aksè, tankou pòt otomatik pou twalèt yo.

###

Lèt nouèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)